

(Unggal poe Senen sakur Aparat Pamarentahan di Kabupaten Bandung wajib nyarita ku basa Sunda)

HOJAH BUPATI BANDUNG
DINA NGARIKSA BASA KATUT BUDAYA SUNDA

Sawatara waktu ka tukang, pernahna tanggal 6 Oktober 2004, kalawan resmi Bupati Bandung muka acara Pasanggiri Biantara Pupuhu Dinas Badan Lembaga (DIBALE) katut Camat sa-Kabupaten Bandung. Dilaksanakeun eta kagiatan teh mangrupa tarekah Bupati Bandung katut rengrenganana dina ngamumule, ngaraksa jeung ngariksa basa katut budaya Sunda, enggoning ngalaksanakeun Perda Propinsi Jawa Barat No. 5 taun 2003, nya eta ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Akasara Daerah* ; sarta Perda No. 6 taun 2003 ngeunaan *Pemeliharaan Kesenian*.

Di sagedeun pasanggiri biantara, kagiatan sejenna anu dilaksanakeun dina raraga Pekan Budaya 2004 anu diluluguan ku DISBUDPAR Kabupaten Bandung teh, di antarana nyaambarakeun pingaraneun stadion anyar. Eta stadion anyar anu kacida megah tur tumaninah teh pernahna di jalan Cipatik Soreang. Sakumna masarakat di wewengkon kabupaten katut sabudeureunana dipiharep bisa nyumbangkeun pikiranana enggoning mere ngaran kana eta stadion. Aya harepan ti Bupati Bandung sangkan ngaran anu diterapkeun dina eta stadion teh mibanda ajén kasundaan. Ku lantaran kitu sakur masarakat anu ngasongkeun pingaraneun kana eta stadion kudu aya patalina jeung ajén kasundaan, upamana wae dipatalikeun jeung ngaran salah saurang tokoh anu aya di kabupaten Bandung, ngaran mantan pejabat anu aya di kabupaten Bandung, moto olah raga anu nyunda, jujuluk tokoh atawa pahlawan, sarta ngaran tokoh carita sasakala/legenda.

Kagiatan sejenna nya eta ngayakeun pasanggiri biantara basa Sunda pikeun para Dibale/kepala dinas jeung camat sa-Kabupaten Bandung. Luyu jeung anu ditepikeun ku panatacalagara, yen respon ti para dibale katut camat kacida dariana. Anu milu tandang makalangan ngadu jajaten biantara dina basa Sunda teh sakabeh dibale jeung camat anu jumlahna aya dalapan puluh genep urang. Kitu oge topik atawa jejer anu jadi eusi biantara geus ditangtukeun ku panata calagara, nya eta *ngalarapkeun Basa Sunda dina Kahirupan Sapopoe; Nyukcruk Galur Luluhur Bandung; jeung Mapag Sasih Romadon*.

Umumna para nyokot topik *Ngalarapkeun Basa Sunda dina Kahirupan Sapopoe*. Ieu netelakeun yen para pucuk pingpinan kacamatan di wewengkon Kabupaten Bandung gede perhatianana kana kaayaan basa Sunda kiwari katut masarakat anu ngagunakeunana. Dina eusi biantara, karereanana para camat netelakeun kondisi masarakat kabupaten kiwari anu masih jauh tina harepan, nya eta masarakat masih keneh boga rada “handap” upama nyarita dina basa Sunda. Pikeun ngungkulan eta hal, dina biantara bubukana Bupati Bandung Drs. H. Obar Subarna, S.IP. ngaintruksikeun ka sakur aparat kabupaten jeung para camat di wewengkon kabupaten Bandung anu harita haladir, sangkan unggal poe senen mimiti bulan oktober jeung saterusna diwajibkeun nyarita ngagunakeun basa Sunda, boh dina kagiatan resmi boh anu teu resmi. Ieu tarekah dipiharep sangkan aparat pamarentah bisa jadi conto anu hade pikeun sakumna masarakat anu aya di tatar Kabupaten Bandung. Teu saukur mibanda rasa reueus boga basa Sunda, tapi jeung prakna ngabiasakeun dina hirup kumbuh sapopoe.

Di sagedengeun eta, aya deui kagiatan sejenna, nya eta *pasanggiri tembang cianjuran* jeung *pasanggiri reog* katut *arak-arakan*. Ieu hiji prestasi anu ngagumbirakeun. Ciciren, yen perhatian para pejabat katut aparat pamarentahan di Kabupaten Bandung kana budaya Sunda kacida hadena.

Tangtu wae hojah Bupati Bandung téh jadi tuladeun pikeun bupati-bupati sejenna anu aya di tatar Jawa Barat.

Bandung, 8 Oktober 2004

Dinding Haerudin

Pangurus Lembaga Basa jeung Sastra Sunda